

Lwa sou Trafik Imen nan Eta New York

Eta New York pran pwoblèm trafik imen an trè oserye. Lwa sou trafik imen nan Eta New York se youn nan bagay ki pi konplike nan peyi a, li bay zouti enpòtan pou konbat krim nan.

Lwa New York kriminalize trafik seksyèl ak travay.

Nan Eta New York, ajan lapolis yo gen bon jan kalite fòmasyon pou depiste ak idantifye viktim yo, pouswiv yo epi pote ka kriminèl kont trafikè yo, e lwa ap asire ke sèvis yo disponib kidonk viktim yo ka resevwa èd yo bezwen an.

Ajans yo nan Eta New York rankontre regilyèman nan pi wo nivo yo pou kowòdone yon repons milti-disiplinè pou viktim yo.

Pandanke sivivan yo gen pou yo fè yon wout long pou rekiperasyon, Eta New York ap travay pou ede asire ke yo jwenn èd ki disponib.

Nimewo ak Kontak Enfòmasyon

Si ou sispèk yon moun te viktim trafik imen, kontakte ajans lapolis lokal ou. Si ou kwè ke lavi yon potansyèl viktim trafik andanje imedyat, rele 911.

Sant Nasyonal Resous Trafik Imen [The National Human Trafficking Resource Center (NHTRC)] se yon liy telefòn nasyonal dirèk, ak konfidansyèl, ki disponib pou reponn apèl yo nenpòt kote nan peyi a, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn, chak jou nan ane a. Li ouvè pou nenpòt moun ki se yon viktim trafik imen oswa ki sispèk trafik imen

*Pou w jwenn enfòmasyon
oswa pou rapòte yon konsèy*

Rele: 888-3737-888

*oswa
Voye yon tèks bay
BeFree (233733).*

Pou w jwenn plis kontak:

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta
New York www.criminaljustice.ny.gov/pio/humantrafficking/humantrafficking.htm

Biwo Eta New York pou
Asitans Tanporè ak Andikap
otda.ny.gov/programs/bria/trafficking.asp



Office of Temporary
and Disability Assistance

otda.ny.gov

Pub-5008 HA (Rev. 12/15)

Trafik Imen ilegal



TRAFIK IMEN: Yon vyolasyon nan dwa imen

Trafik imen se yon vyolasyon nan dwa imen. Se yon fòm konpòtman abizif kote yo mennen epi vann moun yo tankou yon byen nan bi pou yo fè lajan.

Trafikè yo mete laperèz lakay viktim yo atravè abi fizik ak emosyonèl oswa menase pou yo fè viktim nan mal oswa manm fanmi l.

Anpil viktim trafik imen pa okouran ke yo vyole dwa yo oswa moun yo ki angaje nan trafik se kriminèl. Viktim yo gen dwa, e nan Eta New York lwa sou trafik imen egziste pou pwoteje epi bay sèvis pou sivivan yo ak pou pouswiv trafikè yo.

Kimoun ki a risk?

Yo souvan twonpe viktim trafik yo pa fo pwomès bon travay ak yon lavi miyò, e yo fòse yo pou travay nan kondisyon ilegal ak brutal.

Gason, fi, ak timoun tout laj ak ras vilnerab a trafik imen -- li pa fè diskriminasyon. Viktim yo kapab sitwayen Ameriken oswa ki soti nan yon lòt peyi.

Yo ka fòse oswa eksplwate yon viktim:

- Pou l fè mandyansite oswa komèt krim delekans
- fè pase dwòg
- nan esklavaj domestik
- nan travay manyèl
- nan fè zak seksyèl pou lajan

Yon viktim trafik imen sanble a yon moun ke ou wè chak jou.

Siy Trafik

Yon moun ki:

- sanble li te estwopye, gen mak oswa avèk tatou
- pa gen Idantite pèsoneèl oswa dokiman, oswa yo nan men yon lòt moun
- li eskòte kèlkseswa kote li prale
- abite kote lap travay oswa nan kote ki pa apwopriye pou viv
- abite ak/oswa vwayaje avèk yon gwoup lòt travayè
- manke rad travay ki apwopriye
- pa gen okenn lajan kach oswa pa gen aksè a salè yo
- parèt mal nourri oswa grangou

Timoun ki:

- sanble entimide oswa ki sanble pa gen aksè a edikasyon
- Abiye nan rad ki pa laj apwopriye
- Angaje nan aktivite travay ki pa apwopriye pou timoun
- Nan aktivite travay lè timoun ki gen menm laj avèk yo ta nòmalman nan lekòl

Istwa Heather ...

Heather soti nan upstate New York e li te sove lè li te genyen laj 16 ane. Li te rankontre yon koup ki te di l ke yo tap fè li jwenn yon travay kòm yon otès nan yon gwo restoran. Toutfwa, premye jou l “nan travay la” yo te di l ke li ta dwe danse preske toutouni nan yon ba pou l ranbouse swadizan dèt ke yo te peye pou transpòtasyon l, lojman, ak manje.

Ki kote Trafik fèt?

Moun yo fè trafik nan fwontyè entènasyonal yo, e egalman nan yon peyi, eta, vil, oswa bouk.

Trafik imen fèt nan anpil peyi, enkli Etazini. Avèk ayewopò entènasyonal nou yo, ak anpil òpòtinite travay, Eta New York te konsidere kòm yon gwo sant pou trafik.

Trafik imen rive nan diferan anviwonman ak lokal. Li ka rive nan:

- restoran
- agrikilti / fèm
- kay prive
- otèl
- peyizaj/chantye konstriksyon
- faktori ak atelye
- salon maniki
- klib adilt
- kay pwostitisyon
- salon masaj

Istwa Jorge...

Jorge te atire nan yon kominote agrikilti nan Long Island apati Mexico avèk pwomès travay agrikilti ki peye byen. Lè li te rive, “anplwayè” li yo te di ke yo pat ka peye l pou omwen de mwa. Anplwayè a te pran papyè ak dokiman legal Jorge pou “kenbe l ansekirite,” sa ki te fè l pa ka retounen Meksik.

